

14 desanm, 2022

Chè manm Komite Skolè,

Sa fè ekip Finans lan plezi pou l prezante w yon mizajou sou sante finans nou. Prezantasyon sa a ap kouvri 3 ane fiskal (3 ane finans) : Ane Fiskal 2022, Ane Fiskal 2023, ak Ane Fiskal 2024.

Pou Ane Fiskal 2022, ki te fini 30 jen, 2022, n ap ba w yon rezime jeneral sou domèn kote nou te depanse swa plis oswa mwens ke sa nou te prevwa pandan pwosesis bidjetè a. Domèn sila yo kote depans yo te pi wo ke dabitid se : Anplwaye Tanporè, Sèvis Piblik (« Utilities »), ak Transpòtasyon. Nou te idantifye domèn suivan yo kòm domèn kote n te fè kèk ekonomi parapò a divès operasyon, e repriorize divès fon disponib : Divès Salè Anplwaye, Asirans Sante, ak Sèvis Kontrakte. Malgre chanjman sa yo, Lekòl Piblik Boston te fini ane a andedan limit bidjè a pou 32yèm ane konsekitif (32 ane youn aprè lòt).

Pou Ane Fiskal 2023 a, ki se ane fiskal aktyèl nou an, n ap ba w divès mizajou sou Envestisman ane fiskal 2023 a, e n ap ba w premye rapò a pou depans nou prevwa pou ane fiskal la. Nou konfidan ke n ap fini ane fiskal sa a tou andedan limit bidjè nou an. Seksyon sa a nan prezantasyon an ap gen ladan l tou yon mizajou sou fon ESSER la (Fon Sekou ljan pou Lekòl Elemantè e Segondè a).

Finalman, nou pral voye yon koudèy preliminè sou bidjè 2024 la, ke n ap prezante okonplè jou 1ye fevriye, 2023, e k ap kòmanse 1ye jiyè, 2023. Anplis de founi w avèk strikti n ap devlope a pou bidjè ane fiskal 2024 la, n ap voye yon koudèy preliminè tou sou ki plan n ap fòmile konsènan dirabilite nan dènye ane fon ESSER la.

Espwa nou se ke w ap kite prezantasyon sa a avèk yon konfyans nan bonjan kalite jesyon siperyè konstan ke n fè pou resous fiskal nou yo.

Meyè salitasyon,

Nathan Kuder